

Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, AKONPAYE AK BILLY JOEL, SIYEN PWOJÈ LWA POU ENTÈDI FORAJ OLAJ ZÒN KOT NAN DLO NEW YORK YO

New York ap Pran Mezi nan Mitan Atak Kabiran Fosil Washington lan pou l Pwoteje Dlo ak Kominote Kotyè Eta a yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, akonpaye ak Billy Joel, te siyen lejislasyon (S.2316 (Kaminsky)/A.2572 (Englebright)) pou entèdi foraj olaj zòn kot nan dlo Eta New York yo. Lejislasyon an pral anpeche eta a bay pèmasyon pou yo fè foraj, oswa eksplorasyon petwòl oswa gaz nan zòn olaj zòn kot yo ki sou kontwòl Eta a. Entèdiksyon an pral pwoteje dlo ak zòn kotyè New York yo lè li rann li pi difisil pou yo fè foraj petwòl ak gaz prè zòn kotyè New York yo, menm nan dlo ki sou kontwòl gouvènman federal la yo. Anplis de sa a, lejislasyon an entèdi yo lwe tèren kotye anba dlo Eta posede yo ki ta otorize oswa fasilite eksplorasyon, devlopman, oswa pwodiksyon petwòl oswa gaz natirèl. Gouvènè a te siyen pwojè lwa a kòm yon repons dirèk a pwopozisyon administrasyon Trump lan fè pou ouvri zòn kotyè Etazini yo pou pèmèt yo fè foraj.

"Pwojè lwa sa a di pa gen okenn manyè ou pral vin fè foraj olaj zòn kot Long Island ak New York yo, paske nou dwe sèvi kòm egzanp pou yon altènatif a sa gouvènman federal la ap fè a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Jodi a konsène efò pou nou asire ke Jones Beach ak tout kominote kotyè yo rete la pou timoun nou yo ak pou pwochèn jenerasyon an. Nou dwe asire ke nou kite mond lan nan yon pi bon kondisyon pou yo paske djòb nou antanke paran, antanke sitwayen, antanke moun, se pou nou kite l pou posterite nan yon pi bon kondisyon pase nou te jwenn li an."

"Lejislasyon sa a ki pral entèdi foraj olaj zòn kot vwa navigab New York yo fè pati efò nou kontinye fè pou n pwoteje kalite dlo nou yo epi redui degajman gaz a efè sèr yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Byenke gouvènman federal la pa reyisi reponn a menas domaj anviwònmantral yo, New York ap kontinye trase chemen an atravè objektif enèji pwòp agresif nou tabli yo ak agajman nou pran pou nou konbat chanjman klimatik la an favè yon anviwònman ki pi pwòp ak pi ekolojik pou jenerasyon k ap vini yo."

An 2017, gouvènman federal la te pwopoze yon nouvo Pwogram Nasyonal Lwaye pou Foraj Petwòl ak Gaz sou Plato Kontinantal Eksteryè a (National Outer Continental Shelf Oil and Gas Leasing Program) pou 2019-2024, sa ki pral ouvri plis pase 90 pousan dlo olaj zòn kot peyi a yo pou yo fè foraj petwòl ak gaz. Pou lapremyè fwa depi plizyè deseni, nouvo plan federal la pral ouvri yon gran espas nan Oseyan Atlantik la pou pèmèt potansyèl eksplorasyon ak foraj kabiran fosil, sa k ap ekspozè zòn kot New York la a risk dirèk pou sibi gwo domaj anviwònmantral.

Yo te dakò pou yo retire Florid nan pwogram foraj olaj zòn kòt la pa twò lontan apre lansman li, epi motif yo te paske eta a vrèman depann de sektè touris la anpil kòm youn nan meyè ekonomi oseyanik nan nasyon an yo. Antanke twazyèm pi gran ekonomi oseyanik nan nasyon an, yo pa te akòde New York menm eksklizyon sa a, epi nou riske pèdi prèske 320,000 djòb ak anpil milya dola sektè touris la ak endistri lapèch yo jenere si yo pa ta dakò retire nou. An gwo, ekonomi oseyanik New York la jenere 11 milya dola nan salè epi yo kontribiye 23 milya dola nan pwodwi enteryè bri. Long Island ak New York Harbor gen 11.4 milyon moun, e 60 pousan popilasyon eta nou an viv olon yon kot maremotris ki mezire prèske 3,219 kilomèt.

Anplis de sa, Pò New York - New Jersey a—ki se pi gran pò sou litoral Atlantik la—t ap vrèman devaste si ta gen nenpòt gran debòdman ki gen rapò ak foraj olaj zòn kot yo, sa ki t ap deranje fonksyonman yo epi afekte ekonomi nasyonal la. Pò a sipòte 400,000 djòb endirèk ak 229,000 djòb dirèk pandan l ap jenere 90 milya dola lè yo melanje revni pèsònèl ak revni biznis yo ak 8.5 milya dola nan enpo federal, eta, ak lokal yo.

Sekretè Eta a Rossana Rosado te deklare, "New York kanpe ini kont menas aktivite petwòl ak gaz yo poze yo epi Gouvènè Cuomo te montre yon lòt fwa ankò angajman l pran pou l pwoteje anviwònman maren sen ke kominote kotyè ak ekonomi nou yo depann de li a. Se yon batay enpòtan nan kad efò Eta nou an kontinye fè pou nou transfòme avni nou sou plan enèji, lite kont chanjman klimatik, epi pwoteje eta nou an kont eksplwatasyon danjre".

Komisè DEC a, Basil Seggos te deklare, "New York ap vanse nasyon an vè lavan nan kad tranzisyon a yon ekonomi enèji pwòp. Nou rekonèt ke eksplorasyon, foraj petwòl ak gaz ak domaj anviwònmantal potansyèl ki asosye a foraj olaj zòn kot yo pral mete ekonomi kotyè milti-milya dola New York la andanje. Olye nou mete sante zòn kot ak dlo nou yo an danje, sou direksyon Gouvènè Cuomo, New York ap agrandi enèji renouvlab nan fason responsab pou sipòte efò global eta ap fè pou redui degajman gaz a efè sèr yo epi takle efè chanjman klimatik yo".

Mark Izeman, ki se Direktè Rejyonal ak Avoka Prensipal Konsèy Defans Resous Natirèl la (Natural Resources Defense Council) te deklare, "Byenke plan san reflechi Prezidan Trump genyen pou l ouvri dlo nou yo pou pèmèt yo fè foraj olaj zòn kot yo anje, Gouvènè Cuomo ap asire ke yo epanye ekonomi kotyè New York la. Lè li siyen lejislasyon sa a vin lwa a, Gouvènè a ap rann li klè ke New York pral pwoteje dlo kotyè presye li yo - ansanm ak anpil santèn milye djòb ki akonpaye li yo - epi pwoteje abondans pwason ak bèt sovaj nou yo. Olye nou kite foraj olaj zòn kot yo polye dlo lanmè nou yo, New York pral trase chemen an lè nou kapte van olaj zòn kot nou yo epi investi nan avni enèji pwòp pou tout Nouyòkè".

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Majorite Sena a pap kanpe de bra kwaze pandan Administrasyon Trump lan gen plan pou pèmèt foraj olaj zòn kot Long Island yo. Resous natirèl ak kalite lavi kominote Long Island yo anba atak. Mwen aplodi Senatè Todd Kaminsky ki te prezante pwojè lwa a, pou mezi rapid li te pran pou pwoteje Long Island ak pou lidèchip li nan kad efò pou pwoteje anviwònman Eta New York la. Majorite Demokratik Sena a pral defann fanmi Long Island yo epi lite kont tout efò pou fè foraj nenpòt kote ki tou prè liy kotyè New York yo".

Pòtpawòl Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Zòn kot ak vwa navigab New York yo se eleman entegral nan sante ak byenèt eta, anviwònman ak ekonomi nou an. Nou te wè ravaj mare nwa debòdman petwòl yo ka lakoz, epi nou pran angajman pou nou anpeche jan de devastasyon sa yo rive nan Eta New York. Mwen kontan pou m wè yo siyen lejislasyon sa a, ke Asanble a te premye pwomilge an 2018 la, vin lwa. Mèsi a Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwòmantal (Environmental Conservation Committee) nou an, Steve Englebright, ki te prezante pwojè lwa sa a epi fè l vin yon reyalite isit la nan New York. Byenke administrasyon federal la kontinye ap afebli pwoteksyon anviwòmantal yo epi favorize politik enèji ki pa dirab yo, Majorite Asanble a rete devwe anvè pwoteksyon liy kotyè ak vwa navigab nou yo".

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Li dwe yon piyorite pou eta nou an kenbe dlo Long Island yo san kontaminasyon menm lè yo pa pou gouvènman federal la. Lè li siyen entèdiksyon yo mete sou foraj petwòl yo jodi a, Gouvènè Cuomo ak tout eta nèt ap voye yon mesaj fèm ki di nou pap tounen dèyè nan zafè politik enèji nou an epi nou pral kontinye vanse vè lavan pou nou pwoteje resous natirèl nou yo".

Manm Asanble Steve Englebright te deklare, "Yo te kondane pwopozisyon gouvènman federal la pou ouvri dlo nou yo pou foraj petwòl ak gaz nan fason prèske inanim. Lejislasyon sa a ap pran mezi agresif pou pwoteje anviwònman New York la lè yo entèdi foraj olaj zòn kot yo. Lwa a pral pwoteje ak defann dlo nou yo; pwoteje yo pou moun ka itilize yo pou lwazi, lapèch ak espas pou bèt sovaj yo. An menm tan, mezi sa a pral pwoteje valè kay nou yo ak resous natirèl nou yo ki fè Long Island rete yon destinasyon touristik. Mwen swete remèsye Senatè Todd Kaminsky, ki te prezante pwojè lwa a epi mwen ap felisite Gouvènè Cuomo paske l ap siyen lejislasyon sa a vin lwa a".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk la Steve Bellone te deklare, "New York ap voye yon mesaj bay Washington pou di ke nou pap pèmèt konpayi petwòl yo enpoze politik piblik sou do plaj Long Island yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap pwoteje liy kotyè nou an pandan n ap anbake nan yon nouvo fwontyè pou rann Konte Suffolk la vin yon lidè nasyonal nan zafè enèji renouvlab".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, "Lè yo agrandi espas pou fè foraj yo, sa pral konpwomèt efò nou ap fè pou nou kenbe dlo nou yo pwòp, mete ekosistèm nou an andanje, epi nwi endistri moun Long Island yo depann de yo pou yo travay yo. Mwen rekonesan anvè lidèchip Gouvènè Cuomo ak Senatè Kaminsky nan kad efò pou pwoteje dlo ak resous natirèl presye Long Island yo".

Lidè Majorite Lejislati Konte Suffolk la, Kara Hahn te deklare, "New York ap travay pandan plis pase yon jenerasyon pou chache ranvèse enpak anviwòmantal endistriyalizasyon liy kotyè ak vwa navigab li yo te lakoz yo. Nou menm Nouyòkè, nou te lite twòp pou nou pwoteje ak restore dlo kotyè nou yo, nou pa ta dwe janm retounen dèyè an favè politik vizyon akoutèm ki menase tout travay ak investisman nou te fè yo. Mwen remèsye epi mwen aplodi Manm Asanble Englebright, Senatè Kaminsky ak Gouvènè Cuomo paske y ap reyafime angajman New York pran anvè anviwònman ak pwoteksyon zòn kotyè nou yo".

Lejislatè Konte Suffolk la, Rob Calarco te deklare, "Liy kotyè nou an ale nan kè kisa sa siyifi pou yon moun ki se moun Long Island. Plaj ki gen kalib mondyal, yon endistri lapèch dinamik, ak sante ak byennèt pèp nou an, yo tou lye a zòn kotyè nou yo. Gouvènman federal la ap mete mwayen sibzistans nou ak sante nou andanje, avèk plan san reflechi yo genyen pou pèmèt yo fè foraj petwòl jis a kèlke kilomèt nonlwen olaj zòn kot nou yo. Mwen fyè pou m kanpe ak Gouvènè Cuomo pou nou di ke nou pap rete de bra kwaze pou kite Washington mete Long Island andanje avèk plan iresponsab sa a".

Lejislatè Konte Suffolk la, Bridget Fleming te deklare, "2yèm Distri Lejislatif la, ke mwen reprezante a, pwolonje soti Brookhaven pase nan Shelter Island pou rive Montauk Point epi li gen plaj yo rekonèt onivo entènasyonal, yon ekonomi touris ak mezon vakans pwisan, ak yon sektè akwakilti ak endistri lapèch ki an plèn esò, yo tout se motè ekonomik enpòtan. Pou rejyon Long Island lan, resèt sektè touris la te jenere 5.6 milya dola epi li sipòte plis pase 100,000 djòb lokal. Mwen konplètman soutni lidè nou yo ki nan Albany, nan Long Island ak nan Konte Suffolk k ap mennen efò pou entèdi foraj olaj zòn kot yo epi prezève ak pwoteje plaj oseyanik yo ki ede defini nou".

Sipèvizè Vil Hempstead lan Laura Gillen te deklare, "Plaj ak vwa navigab Long Island yo se kote ki lejandè epi liy kotyè nou an se jwayo kouwòn South Shore la, k ap atire anpil milyon touris ak vizitè chak ane. Lè nou pwoteje resous natirèl sa yo kont foraj olaj zòn kot yo nou ap non sèlman pwomouvwa eksplorasyon enèji ekolojik kòm altènatif, men tou nou ap prezève kominote bò lanmè nou yo epi pwoteje ekonomi lokal la, ki depann anpil de sektè touris la, lapèch ak bato plezans".

An Mas 2019, Administrasyon Nasyonal Atmosferik ak Oseyanik (National Oceanic and Atmospheric Administration) Depatman Komès Etazini an (U.S. Commerce Department) te mande popilasyon an pou yo bay opinyon yo nan fason pou yo "rasyonnalize" yon pwosesis revizyon yo te akòde eta a nan kad Lwa sou Jesyon Zòn Kotyè a (Coastal Zone Management Act), ki se youn nan zouti ki pi pwisan eta yo gen pou reglemante aktivite k ap fèt olaj zòt kot yo. Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Depatman Eta a (Department of State) te depoze kòmantè ki vrèman ankouraje gouvènman federal la pou yo abandone tout tantativ k ap afebli oswa sape otorite eta bezwen pou pwoteje ekonomi vital zòn kotyè nou an.

Byenke resaman, Minis Enteryè a, David Bernhardt te eksprime ensètitud konsènan si y ap vanse ak plan foraj administrasyon an, New York ak lòt eta kotye yo ap kontinye met presyon epi yo ap rete vijilan nan opozisyon yo. Plizyè lejislati nan lòt eta yo te pran mezi lejislativ pou bloke agrandisman espas lwaye gouvènman federal la konte mete disponib pou eksplorasyon petwolye ak gaz olaj zòn kot yo. Connecticut, Florida, Georgia, Hawaii, Maine, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island, ak South Carolina te entwodui pwojè lwa oswa rezolisyon nan objektif pou anpeche yo fè foraj olaj zòn kot nan dlo kotyè yo. California, Delaware, Maryland, New Jersey, ak Oregon te reyisi adopte lwa yo.

Gouvènè Cuomo te fè investisman siyifikatif pou sipòte resous maren rejyon an yo, ki gen ladan pi gwo agrandisman pwogram Resif Atifisyèl (Artificial Reef) nan istwa Eta a, yon investiman rekò 300 milyon dola atravè Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Fund), 2.5 milya dola Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean

Water Infrastructure Act) ak 500 milyon dola nan fon anplis pou dlo pwòp nan bidjè 2019-2020 an, plis pase 2 milyon dola pou pwogram Sibvansyon Lanmè New York la (NY Sea Grant) pou redui mare mawon nan Long Island, ak mezi yo pran yo pou entèdi foraj olaj zòn kot sou tout liy kotyè New York la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)